

Gid pou Ijans

Nan yon sitiasyon ijans, fè sa yo:

1. Rele 911 oswa lapolis UMD nan 301-405-3333
2. Kite espas la an ijans oswa abrite w (jan sa nesèsè)
3. Suiv enstriksyon sekouris yo
4. Siveye Alèt UMD yo pou w konnen dènye enfòmasyon yo

Lapolis, Ponpye, Sèvis Medikal: 911 oswa 301-405-3333

Jesyon Etablisman an: 301-405-2222

Sant Sante (ijan oswa woutin): 301-314-8184

Lin Telefonik Pou Enfimyè Nan Ka Ijans Yo:
301-314-8184

Etablisman rezidansyèl yo (tankou Dòtwa pou Gason /Fanm): 301-314-9675



Yon Moun ki gen yon zam nan men l k ap Tire oswa Tante Tire

KOURI lwen agresè a oswa KACHE nan yon chanm ki fèmèn a kle/dèyè yon gwo bagay. GOUMEN ak agresè a si w an danje nan moman oswa si w pa ka KOURI oswa KACHE.



Menas Bonm

Si ou resevwa apèl la, fè moun ki rele a pale yon fason pou w ka ranmase tout enfòmasyon w kapab nan men l (ki moun, ki sa, ki lè, ki kote, poukisa ak kòman). Rapòte enfòmasyon sa a nan 977 oswa 307-405-3333.



Sekirite Enfòmasyon

Rapòte nenpòt aktivite ki sispèk bay DIT nan 307-405-7500.



Tranblemanntè

Abrite w anba yon tab oswa anba yon biwo ki solid jiskaske sekous yo sispann. Si w pa kapab bese atè a, pwoteje tèt ou avèk bra w yo. Pa evakye batiman an sof si ou remake batiman an fisire anpil oswa ou jwenn enstriksyon nan men pèsònèl ijans lan pou w fè sa. Fè atasyon pou dekonm pa tonbe sou ou pandan w ap sòti.



Dife

Si ou pran sant lafimen oswa w wè dife, deklannche alam ensandi ki pi pre w la. Evakye pandan w ap itilize eskalye yo oswa sòti ki pi pre a epi ale yon kote ki san danje lwen batiman an. Pa itilize asansè pandan evakiyasyon an. Si ou pa kapab evakye, chèche yon kote pou w pran refij epi rele 977 pou alète sèvis ijans sou kote w ye.



Inondasyon

Si inondasyon an se deyò l ye, chèche kote ki pi wo epi pa mache oswa kondi nan mitan dlo inondasyon yo. Si inondasyon an se anndan batiman an li ye, kite zòn nan epi rapòte sa bay Sèvis Jesyon etablisman yo nan 307-405-2222.



Devèsman Sibstans ki Repezante yon Danje

Evite epi izole zòn devèsman an. Rapòte yon devèsman ijans bay Lapolis UMD nan 307-405-3333.



Ijans Medikal

Rele 977 oswa 307-405-3333. Fè yon CPR epi itilize yon AED jan w te aprann sa nan fòmasyon an.



Pàn Kouran

Fèmèn ekipman yo epi rapòte pàn kouran an bay Sèvis Jesyon Etabliman yo nan 307-405-2222.



Avètisman pou Move Tan/Tònad

Depi w jwenn yon notifikasyon nan men Sistèm Alèt UMD a, al chèche abrite w nan yon chanm ki pa gen fenèt, nan nivo ki pi ba nan batiman an oswa nan eskalye ki anndan yo, sa ki pa gen fenèt oswa pòt sòti yo. Rete la jiskaske avètisman an fini.



Pakè ki Sispèk

Pa deplase oswa manyen pakè a. Evakye zòn nan epi rele Polis UMD nan 307-405-3333.



Aksè / Bezwen Fonksyonèl yo

Ou dwe santi w otorize pou w mande yon kolèg, yon lòt moun oswa youn nan pwofesè yo/manm pèsònèl la èd li pandan yon ijans. Ou dwe byen presize èd ou gen bezwen an. Vizite <https://accessibility.umd.edu/emergency> pou plis enfòmasyon. Rele 307-405-3333 si ou bezwen èd ijans sou kanpis la



OFFICE OF
EMERGENCY MANAGEMENT
& BUSINESS CONTINUITY